ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 2C2B2C9EB614756679A071ECFB199D87DFBB423C
Владелец: Талхикова Санет Билаловна
Действителен: с 06.09.2021 до 06.12.2022

Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Ойсхарская средняя школа №3»

ПРИНЯТО
решением МО учителей
начальных классов
Протокол от 25.08. 2022г. № 1

СОГЛАСОВАНО
методист по УР
___________/Эскербиева З.М/
30.08.2022г.

**Фонд оценочных средств**
**для промежуточной аттестации обучающихся**
учебного предмета «Родной (чеченский) язык»
для основного общего образования
Срок освоения программы: 4 года (с 1 по 5 класс)

Составитель: Мачаева Тумиш Рашидовна
учитель начальных классов

п. Ойсхара 2022

**Фонд оценочных средств для промежуточной аттестации обучающихся по учебному предмету «Родной (чеченский) язык» (типовой вариант)**

*(2-4 классы)*

Обязательная часть учебного плана.

Предметная область: Родной язык и литературное чтение на родном языке

## «Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд.

**2 класс.**

1. **Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Школан беш».**

**2 класс.**

**Школан беш.**

Школан йоккха беш ю. Дукха дитташ ду бешахь. Дешархоша белхаш бо бешахь. Цара дика 1алашйо иза. Цундела дитташ т1е стоьмаш а латабо.

2. **Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Лийчаэхар»**

**Лийчаэхар.**

Аьхка йовхачу хенахь тхо х1ор дийнахь доьлху хи т1е. Лийча дика айма йолуш меттиг хаьа тхуна. Лекха боцчу берда т1ера чукхийсала тхо. Хи т1ехула некадеш , юьйсина буьрка санна, лела тхо. Хаза хуьлу аьхка луьйчуш

3. **Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Б1аьсте схьакхачар». 2 класс.**

Б1аьсте схьакхачар.

Б1аьстей, 1ай къовсаделла . Шен меттиг д1айоьхура б1аьстено . Дуьхьалделира 1а .Схьахьаьжира бовха малх. Дилхира 1а, охьадуьйладелира ладарш. Д1алецира б1аьстено шен меттиг. Зезагашца аренаш къарзйира хазахеттачу б1аьстено.

4. **Шеран жам1даран талламан болх «Хьуьнхахь». 2 класс.**

**Хьуьнхахь.**

Ц1ена ду хьуьнхара х1аваъ. Абу хьуьнха талла воьду. Жаьла а дуьгу цо шеца. Хьун тийна хета. Амма хьуьнхахь кхехкаш дахар хуьлу. Цхьанхьа тебна цхьогал доьду ,кхечанхьа хьуьнан к1оргехь генаш кегдеш лела партала ча.

## «Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд. 3 класс.

1. **Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Бошмийн доттаг1ий». 3 класс.**

Бошмийн доттаг1ий.

Дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш деха. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа суна. Ас уьш къехка ца до. Цундела тхан дитташ т1е стоьмаш дуккха а латабо.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Шолг1а предложени меженашца талла.

2. Сехьадаха ма-деззара декъа а доькъуш д1аязде дешнаш: дитта, доттаг1ий, тхан, къехка, дукха

2. **Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Тхан школа»**

**3 класс.**

Тхан школа.

Тхан школа ломана юххехь ю. Тхан школан йоккха беш ю. Дика 1алаш йо иза школо. Тхан школаца йоьхье яьлла лулара школа. Оха тхешан школах дозалла до. Со школе т1аьхьа ца вуьсу цкъа а. Тхан школал хаза школа яц тхан йоккхачу юьртахь.

**Грамматически т1едилларш.**

**1.** Кхоалг1ачу предложенехь коьрта меженашна к1ел сиз хьакха.

**2.** Шайн билгалонашца гайта цхьа орам болчу дешнийн орам а, чаккхе а: школа, школан, школо, школаца, школах, школе, школал.

3. **Кхоалг1ачу чийрикан жам1дара талламан болх «Олхазаршна баннаш». 3 класс.**

Олхазаршна баннаш.

Бовхачу махка д1адахана олхазарш б1аьсте яьлча юхадог1у. Аннийн кескех царна баннаш до бераша. Т1аккха дитташ т1ехь уьш д1ач1аг1до. Олхазарш бошмийн доттаг1ий ду. Дитташ талхошйолу са долу х1уманаш юу цара. Олхазарш бошмашкара лелхо мегар дац. Уьш, мелхо а, т1ек1адо х1ума дан деза.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш.
2. Дешнийн х1оттам къастабе

1-ра вариант: таллархо, д1адеш**а,** урам**аш**

2-г1а вариант: яздархо, схьакхеч**и**, къолам**ца**.

3. Дешнаш дукхаллин терахье даха: олхазар, зезаг, адам, тоьрмиг, аре.

### 4. Шеран жам1даран талламан болх «Хасбешахь». 3 класс.

Хасбеш.

Хасбеша дахара бераш. Цигахь белхаш бира цара.Цхьаболчара хасстоьмашна асар дира, вукхара хи диллира. Дукха хасстоьмаш гулбийр бу хасбешара. Цигахь йийна дика кхуьуш ю копастанаш а, ж1онкаш а, наьрсаш а. Муьлхачу хасстоьмана хи маца дилла дезаа, молханаш муьлханаш тохадеза а хьоьху агрономо берашна.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчупредложенехьбилгалъяхакоьртамеженаш, дешнашна т1ехула къамеландакъошбилгалдаха

2.Текста юкъарасхьаяздецхьаллин а, дукххаллин а терахьеракхоккхадош.

3.Сехьадахама-деззарадекъа а доькъуш д1аязде дешнаш: йийна, асар, хасстоьмаш, дукха, диллира.

## «Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд. 4 класс.

### 1. Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Лар толу ж1аьла».

**4 класс.**

Лар толу ж1аьла.

Сан вашас Х1арона к1еза деара. Оха цунна ц1е тиллираТарзанаьлла. Соьца гуттар а ловзуш хуьлура к1еза. Хи т1е лийча со воьдуш хилча, т1аьхьах1уттара иза.

Д1аоьхура хан. Тарзан доккха хилира. Цуьнан лергаш ира, дог1аделла дара. Иза лар толу ж1аьла хиллера. Х1арона кест-кеста хьунхахь таллад уьгураТарзан. Х1инца, доккха а хилла, соьца к1езиг ловзу иза.

Т1едиллар:

1) Билгалдаха къамелан дакъош хьалхарчу предложенехь.
2) Дешдакъошца декъа дешнаш: цунна, доккха, т1аьхьах1уттура

### 2. Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Доттаг1алла», 4 класс.

**Доттаг1алла**

Доттаг1 воцуш стаг мегарвац. Доттаг1 воцу стаг, т1ам боцу олхазар санна, ву. Доттаг1чунна тешаме хила веза. Доттаг1алла даггара лело деза. Доттаг1чух дагаволуш хила веза. Доттаг1чунна т1е хало еана меттиг а 1оттаелла доттаг1 дешарна т1аьхьависча, цунна г1о дан деза. Иштта хилчий бен хьох бакъволу доттаг1 а хирвац.

Т1едиллар:

1) Кхоалг1а предложеникъамеландакъошцаталла.
2) Цхьаорам болу дешнашбилгалдахий, т1ехула дожарш х1иттаде.

### 3. Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх

## «Воккха стаг».

Воккха стаг

Х1ор 1уьйранна вог1ура воккха стаг акхаройх а, олхазарех а дерш 1амочу ц1а чу. Мунданаш тоеш я керланаш еш хуьлура иза цу чохь. Оцу 1уьйранна а ша ян йолийначу акххачу бедан мунда, хьаькхна, шардеш кечдинчу жимачу уьн т1ехь д1а а ч1аг1йина , ша яржийна нехаш, нуй хьаькхна, гул а йина, тускар чу тийсира цо.

Т1едиллар:

1) Хьалхара предложении къамелан дакъошца талла.
2) Массо предложенийн юкъара ц1ерметдешнаш билгалдаха.

## 4.Шеран жам1даран талламан болх «Шовданийн боьра». 4 класс.

Шовданийн боьра.

Дуккха шовданаш долуш бара х1ара боьра. Кегийра, ц1ена г1ум ловзош хьалакхуьйсура ша санна шийла, сирла шовданаш. Кхуза оьхура Малх-Арера мехкарий хит1а. Кхузахь малхчубуззуш цхьанакхетара уьш кегийчу нахаца.
Кхузахь дара уггар доккха шовда а, юххехь коьллаш а, жима д1анехьа хьун а йолуш.
Зама маьрша яцара,ткъа шовданийн боьра юьртана юьстахо бара. Цундела наноша ца магадора цига хит1а эхар.
Т1едиллар:

1) Шолг1а предложении къамелан дакъошца талла.
2) Цхьаорам болу дош схьалаха, уьш муьлхачу дожарехь ду билгалдаха.
3)

**I-IV классийн дешархойн ненан маттах долчу хааринйн х1итточу оценкийн барамаш**

### I. I-IV классашкахь ечу талламан диктантийн мах хадор.

Диктант – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп ю.
Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш ю х1окху дешнийн барамехь:

5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош

7 класс- 25-30 дош
8 класс- 30-35 дош
9 класс- 35-40 дош.

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни метган лехамашца юьззина нийса йогIуш а хила еза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а яздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсаяздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIаяздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIаешар литературни нийса а, муха яздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашцa цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, чегIардиг* дсшнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**I-IV классийн дсшархойн диктантийн мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка юкъара юьллу.
2. Диктантана «5» дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. «4» дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
4. «3» дуьллу, ялханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
5. «2» дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (я бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.
6. «1» дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гIалаташ сов хилахь.

Дсшархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически
а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант язъяле оццу классехь я цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.

**Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:**

1. Программехь йоцу я Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гIалаташ/

2. Тилкхаздаьлла гӀалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* яздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле яздинехь.*

3. Нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йогIу (егIу), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь.

4. Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала: *исс* - *иссалгIа-уьссалгIа, итт* - *итталгIа* - *уьтталгIа.*

5. Къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: *пайдаэцар* - *пайда эцар, нийсаяздар нийса- яздар, гIодар* - *гIо дар,* и. дI. кх.

6. Дешнашкахь дифтонгаш язъяр: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, еха* - *йиэха,* и. дI. кх. а.

7. ЦIердешнийн къовсаме яздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. а.

**Дешархоша далийтинчу гIалаташна юкъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.**

**Даккхий гIалаташ лору:**

1. Хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографичсски, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ:

2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхъайра.*

3. Дсшхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.

4. Хандсшнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар *(оху -охуна я охана, тоьгу* - *тоьгуна я тоьгана).*

5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала: *бохура я бахара, моьттура я моттара.*

6. Кху кенара цIердешнийн яздар: дечиган я дечган, эчиган я аьчган.

7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: *гIуллакх я гIулкх, гIиллакх я гIилкх.*

Дсшархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга н яздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у,) яздарехь.

Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен.

**Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**

«5» дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
«4» дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
«3» дуьллу, болх ах я цул сов нийса бинехь;
«2» дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь.
«1» дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

**Билгалдаккхар:**

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.